**Chidzidzo 185**
**PESQUISA (TSVAKURUDZO)**

## Isaka

**MAGWARO: Genesis 22: 6-14; 24: 1-8,62-67; 26: 1-5, 17-33**

**NDIMA YEMUSORO**: Asi Mwari wakatsaura zvinhu zvoupenzi zvenyika kuti anyadzise vakachenjera; Mwari wakatsaura zvinhu zvisina simba zvenyika kuti anyadzise izvo zvine simba. -1 Vakorinde 1: 27

**Isaka aive mwanakomana mumwechete waAbrahama naSara, akaberekwa apo Abrahama avive anemakore zana naSara makumi mapfumbamwe. Abrahama asati afa, akapa zvese zvaakanga anazvo kuna Isaka (Genesis 25: 5). Isaka akange ari mwanakomana anoteerera, uye akave munhu anokudzwa (Genesis 26:13), asi haana kumbotsvaga chinzvimbo kana mukurumbira. Aive munhu werunyararo, aida Mwari, uye iye waidiwa naMwari Akamuropafadza.**

***Mibvunzo***

1. Ndeipi nzvimbo yakakurumbira iyo Isaka akazadzisa zano raMwari rekuponeswa kwevanhu, sekuratidzwa kwazvo munaGenesis 21: 12 uye zvikasimbiswa muTestamente Itsva munavaRoma 9: 7 naVaHeberu 11: 18?

..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................

2. Ndezvipi zvakakosha zvakafanana zvatinowana muhupenyu hwaIsaka nehupenyu hwaJesu, sezvakaratidzwa munhoroondo dzinotevera?

▸Kupa kwaAbrahama Isaka sechipiriso -Genesis 22,

▸ Muranda waAbrahama achitsvagira Isaka mukadzi -Genesis 24

..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................

3. Apo Rebeka nemuranda wakadzoka, vakawana Isaka anemafungiro akadii? Onai Genesis 24:63. Mafungiro aya anogona sei kubatsira muKristu?

..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................

4. Isaka paakanzwa nhoroondo nemuranda yezvekusangana kwake naRebeka, akaitei? Mafungiro ake aive akadii kuna Rebeka?

..........................................................................................................................................
..........................................................................................................................................

.................................................................................................................................................

5. Ndeapi mashoko atingataure nezve hupenyu hwemunamato hwaIsaka, uye isu tingawane pundutso sei nemucherechedzo wake? Onai Genesis 25:21; 26: 24,25.

.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................

6. Mumwe muongorori weBhaibheri anoburitsa pachena kuti kugara kwenguva refu kwaAbraham munzvimbo iyo yenyika kwakasiya huchapupu hwazvo munzvimbo dzemipata zhinji nematsime aAkachera. Mushure mekufa kwake, vaFirisitia zvinoita sokunge vakakurumidza kudzima huchapupu iho hwechibvumirano chawo naye. Chidzidzoi chomweya chatinogona kudzidza kubva munhoroondo yekuchera zvakare kwaIsaka ma tsime akanga avharwa nevaFirisitia? Onai Genesis 26:18.

.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................

7. Chii chakaitwa naIsaka apo pakange paine kukakawadzana pakati pevafudzi wake nevaFirisitia pamusoro pematsime akange acherwa nevaranda wake? hunhu uhu hunoratidzei uye sei izvi zvichikurudzirwa?

.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................

8. Sezvatinoverenga nhoroondo yehupenyu hwaIsaka, ndezvipi zvishamiso zvekutsunga, umhare kana hushingi zvinouya mupfungwa?

.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................

9. Ndeupi mubairo uyo Ishe vakapa kunaIsaka nekuda kwekuteerera kwake nekutendeka? Onai Genesis 26: 3, 12,24.

.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................